

State Road (SR) 934/NW 79 Street nan NW 32 Avenue

No. Idantifikasyon pwojè a: 447574-1-52-01

FDOT COMPASS

FDOT pran angajman pou li asire enfrastrikti Eta a sèvi rezidan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men kèk nan pwèn kle yo: pwoteksyon moun, rezistans, chèn apwovizyonman, teknoloji, epi devlopman mendèv. Men avantaj pwojè sa a:

KOMINOTE

- Enstale nouvo limyè trafik nan entèseksyon SR 934/NW 79 Street ak NW 32 Avenue

PWOTEKSYON

- Amelyorasyon siyal machin ak pyeton, siy ak travès pou pyeton.

REZILYAN

- Rezasfalte ak repentire pou prezève lavi sèvis wout la

CHÈN APWOVIZYONMAN

- Ranplase ranp kwen pyeton nan kwen SR 934/NW 79 Street ak NW 32 Avenue

TEKNOLOJI

- Enstale detektè machin pou idantifye machin ki prèske rive sou limyè trafik yo

DEVLOPMAN MENDÈV

- Pwojè sa a kreye opòtinite pou kontraktè, epi sa va pote avantaj ekonomik pou anplwaye yo epi pou kominote a tou

ENFÒMASYON SOU LIY TRAFIK YO PRAL FÈMEN

Yo pral fè travay yo moso pa moso pou travay yo pa twò deranje moun nan zòn nan. Yo ka fèmen kèk liy trafik ak kèk twotwa nan lè ki pa gen anpil trafik ak nan lè ki pa gen aktivite espesyal. Men nan ki lè pa gen anpil trafik:

- 9 a.m. pou 3:30 p.m., lasemèn epi nan wikenn

P ap gen okenn aktivite konstriksyon soti 8 p.m. pou rive 8 a.m., eksepte pandan travay rezasfalte ak repentire ak enstalasyon siyal trafik ki pral fèt:

- 9 p.m. pou 5:30 a.m., dimanch rive jedi
- 11 p.m. pou 7 a.m., vandredi ak samdi

Accès a biznis ak rezidans yo pral rete disponib. Enfòmasyon sou fèmti liy yo ap pibliye chak semèn sou sitwèb depatman an: www.southflroads.com.



MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou travay yo pa twò deranje moun nan zòn nan. Liy trafik y ap fèmen tanporèman yo kab gen efè sou sikilasyon an nan lè ki pa gen anpil trafik. Y ap afiche byen klè tout lòt wout pou machin pase. Y ap kite wout pou moun antre soti nan kote ki sou bò kote y ap fè travay yo.

KALANDRIYE

Mas 2025 - otòn 2025

PRI KONSTRIKSYON AN

\$1.7 milyon dola

KOTE YO PRAL FÈ PWOJÈ A

Miami-Dade County

Nòt: Dat yo ka chanje.

TOUJOU MET SAFTE POU PREMÈ

Pou pwoteksyon w ak pwoteksyon lòt moun, tanpri pran prekosyon lè w ap kondui machin, lè w ap mache oswa lè w ap pase sou bekàn nan zòn konstriksyon yo. Pou dènye nouvèl sou sikilasyon an: www.fl511.com.

KONTAK

FDOT Consultant Community Outreach Specialist

Annabella Vizcaino | Annabella.Vizcaino@dot.state.fl.us | 786-510-6113

SUIV NOU



MyFDOT_Miami

SOUTHFLROADS.COM

Eskane Kòd QR sa a pou dènye nouvèl sou pwojè a.

